Kang Marto : "Kok malah ngejak padu ta kowe ki? Bedane bojo karo babu ki, nek bojo dituroni kon meteng, nek babu ki dituroni ning aja nganti meteng."

Bu Marto : (*Mbalik mlebu njero*)

Kang Marto : "Kaya kowe mbiyen, mbabu ning tokone Koh Liang kae rak ya ngono ta? Koh Liang nuroni kowe ning karo diombeni anggur ben ra meteng!"

Bu Marto : (*Teka ning ruang tamu karo nesu*) "Pak! Ra ngayawara lho kowe ki. Arep golek perkara meneh? Nek omong ki naganggo dipikir! Dhasar wong ra mambu sekolahan ya ngono kuwi."

Kang Marto : "Sekolahmu ki apa? SR ya ra rampung wae kok."

(*Somat njedhul*)

Somat : "Wis to mbok. Nek pancen mbiyen tau dituroni Koh Liang ya ngaku wae, wong bapak ya nrima kok. Nek pancen ora, ya rasah diwangsuli. Kaya ra apal. Cangkeme bapak kawit mbiyen ya ngono kuwi. Wis, aku tak metu dhisik."

Bu Marto : "Rasah mabuk-mabukan meneh!'

Somat : (*sambi bablas metu omah*) 'Mabuk ya ra papa angger ora matengi uwong!"

BABAK 2

*Ning Cakruk prapatan njeron kampung. Bocah-bocah nom padha ngumpul. Ing kono ana Mas bambang. Ana bocah sing dolanan gitar, liyane dha nyanyi ndhangdhutan. Ana sing sambi njoget. Sakwise sak lagu rampung, Pak Madi, ketua Takmir Mejid liwat.*

Bambang : "Kok sajak kesesa, mau ke mana pak Madi?"

Pak Madi : "Weh… Dik Bambang, ini mau ke ndalemnya Pak Kaji."

Bambang : "Oo… lha santai-santai saja saged to pak? Kok kayaknya kesesa, kemrungsung. Menapa wonten yang darurat pak?"

Pak Madi : "Ah. Enggak dik Bambang. Namung urusan kecil. Soal rencana renovasi itu lho."

Bambang : "Renovasi? Renovasi…"

Pak Madi : "Masjid. Kas masjid sudah dihitung. Cuma ada telu setengah juta. Padahal rencana kebutuhannya sekitar 9 jutaan dik Mbang."

Bambang : "Lho, saya dengar dari Lik Karyo itu namung betah enam sampe tujuh jutaan to pak?"

Pak Madi : "Niku nek namung ganti eternit, ganti kaca, ngecet sama beli karpet plus gawe taman di halaman masjid itu thok dik mbang."

Bambang : "Lha memangnya mau ndandani apanya lagi?"

Pak Madi : "Sound. Sound system kita itu kan suarane sudah njeber. Perlu tumbas speaker baru, mic baru sak kabelnya dik. Nah, ngiras pantes, kalo ada pengajian Akbar ngundang AA' Gym kan nggak mgisin-ngisinke gitu lho."

Bambang : "Wah.. kalo ngundang AA' Gym ya mestinya soundnya nyewa to pak. Yang kelas konser Peter pan gitu…"

Pak MAdi : "Lho… Ha ini!, pemikiran muda panjenenga ini yang saya kurang trep. Kalo tiap ada acara gedhen kita harus nyewa, itu sama saja kita beli rokok ngecer. Tibane luwih larang. Nggih, ta? Sekarang dihitung mawon. Beli rokok itu nek bungkusan 6.000. lha nek ngecer? 600 sakler. Pingke 12, ketemunya 7.200 to? Lebih mahal dik Mbang. Mendingan tumbas bungkusan. Beli sound system gedhe sekalian. Nanti kalo ada pengajian, mauludan, syawalan lan sapanunggalane, kita nggak perlu ngecer sound system lagi. Ngih ta? Nggih napa nggih?"

Bambang : "Pak Madi, Pak Madi. Kalo Masjid itu nggak dipegang panjenengan. Mesthi kampong kita nggak maju…"

Pak Madi : "Mangkih riyen… mangkeih riyen. Jangan main puji-pujian dik, nanti saya njur gedhe ndhase. Ah.. sudah saya nanti malah ra sida ke tempat Pak Kaji nek ngobrol sama dik Bambang terus. Dik Bambang ini cen bikin krasan kalo ngobrol."

(*Pak MAdi neruske laku. Nanging lagi 5 langkah mbalik meneh)*

Pak Madi : "Oh iya, dik Mbang. Nanti kalo tiba urusan sambatan ndandani mesjid itu, dik Bambang ngewangi lho."

Bambang : "O, ya ikut pak. Masa nggak ikut. Saya masih pengen urip di kampong pak, belum pengen urip di hutan. Kalo di Hutan apa-apa sakgeleme dhewe, kalo di kampong ya harus ikut gotong royong, gitu to pak."

Pak Madi : "Sekalian, kanca-kanca di ajak. Kalo Dik Bambang absen, Genknya Sukirno ini apa ya dha gelem gotong royong di masjid. Geleme ya kalo sambatan ndandani rumahnya pak Yanto. Soale kan ada Retno sing nggawekke wedang. *(Marang Kirno)* Jangan khawatir Kir, nanti Retno mesthi tak lebokke tim masak memasak untuk yang gotong royong di masjid."

Sukirno : "Pak Madi mbotensah gawe-gawe to pak! Mung nglirik pisan jaman mbiyen kok ya sih dirembug wae. Sudah! Sampeyan ngurusi itu sound system sama mic nya. Mboten usah ngurus saya dan Retno, Itu pun ada yang mikir, sudah ada yang ngurus."

Pemuda lain : "Sing ngurus kowe karo Retno ya Polisi. Wong karepmu ming arep nggadho Retno wae."

Pak Madi : "Wis! Cedhak-cedhak kowe ming marahi aku melu dosa. Risi kupingku!. Mangga Dik Bambang."

Bambang : "Ya. Mangga-mangga Pak."

(*Bambang isih mesem nganti Pak MAdi ora Katon maneh)*

Somat : "Ngapa to Mas?"

Bambang : "Ra papa."

Somat : "Ra papa kok, aneh je kowe ki. Mas, mikir apa to?"

Kirno : "Waduh… Cilaka iki. Aja-aja Mas Bambang melu-melu mikir Retno. Wuaa.. modar tenan aku. Kalah 3 kosong."

Paijo : "3 kosong piye Kir?"

Kirno ; "Aku disenggelke karo mas Bambang ya kalah 3 kosong aku, Kalah bagus, kalah sugih, kalah kondang."

Bambang : "Wah.. 2-1 Kir, wong nek kondange kondang kowe kok. Sapa wong terminal sing ra ngerti Kirno.

Kirno : "Tetap kalah aku Mas, aku kelingan banget pas dolan ning Jogja. Ning prapatan Janti ki ana copet ngejak omongan ki jebul kenal njenengan kok Mas."

Bambang : "Copet nJanti kenal aku? Sapa jenenge Kir"

Kirno : "Somat"

Somat : "OO trondhol!. Tak pangan sisan lho kowe!"

Bambang : "Ning apa kowe ki ya tahu nyopet ning jogja tenan po Mat?"

Somat : "Kuwi mung cangkemane Kirno Kuwi Mas. Ngamen Mas, tekan jogja tekan Solo ki tak akoni, ning ngamen, ora nyopet!..."

BABAK 3

*Dalemme Pak Dukuh. Pak Madi lan Pak Kaji mertamu.*

Pak Madi : "Ya,… Ini sudah saya hitung. Kalo nggak salah ada 6 juta seratus limapuluh ribu. Mangga Panjenengan hitung lagi." (*karo nyorogke amplop lan Map ning meja*)

Pak Dukuh : (*Nampa amplop ning ora dibuka)*. "Nah,.. Saking panggenan kula yang tanggungjawab koordinasi Iuran warga sampun terkumpul sekitar dua juta tujuh ratusan. Sekedhap … "(*Pak Dukuh mlebu kamar njikukke amplop iuran warga. Pak Madi lan Pak Kaji bisik-bisik*).

(*Pak Dukuh keluar dengan amplop dan buku catatan*).

Pak Dukuh : "Dua juta tujuh ratus sembilanpuluh lima."

Pak Madi : “Wehh.. kok kadingaren warga rada semugih… padahal baru saja iuran idul qurban, trus juga ada program dompet bencana alam, kok bisa keluar segitu nggih pak?”
Pak Kaji : “Yah.. barangkali hati mereka terbuka untuk keperluan peningkatan sarana ibadah Dik Madi. Ya,.. itu namanya, mereka sudah melek religi. Harus kita ikuti dengan *alhamdulillah* yang nyata. Dalam bentuk penggunaan dana ini sebagai mana yang sudah direncanakan.”
Pa Madi : “Berarti tinggal kurang sekitar duaratusan ribu to ini Pak Dukuh, Pak Kaji?”
Pak Dukuh : “oh, ya, Panjenenganipun Pak Lurah juga sudah kasih kabar. Tadi pagi beliau SMS saya, bantuan dari kabupaten sampun ACC, empat ratus ribu rupiah, bersih. Tanpa pajak.”
Pak Madi : “Wehh..weh..weh… gangsar temen to iki..”
Pak Ustad : “*Alhamdulillah*…”
Pak Madi : “Berarti malah turah ini pak kaji, sekitar dua ratus ribuan ini, lumayan.”
(*Bu DUkuh mak jedhul nggawa wedang)*
Bu Dukuh : “Turahane ya buat kas masjid lagi. Moso’ arep dientekke jling to Mas Madi, Nanti Malah kegodha Koropsi lho,, hati-hati lho…”
Pak Madi : “Waalahh.. Mbak Yu ki. Masa saya koropsi, saya itu ketua takmir je, koropsi duit mejid itu luwih sangar dosane lho, Nggih to Pak Kaji?”
PaK Kaji : (*Sambil tertawa*) “hahahha… Ya namanya korupsi, mau duit mejid, duit iuran lisrik, duit kantor, bahkan duit blanjan rumah tangga, Yo tetep nggak boleh dik…”
Bu Dukuh : “Wani-wani Korupsi, panjenengan bisa kurus tiba-tiba lho Mas…”
(*kabeh ngguyu ngakak….)*
Pak Kaji : “Iya… tapi kadingaren lho ini warga rada gampang iuran.”
Bu Dukuh : “Sing paling kadingaren itu Pak Marto.”
Pak Madi : “Pak Marto dos pundi mbak yu?”
Bu Dukuh : “Pak Marto itu nggak mau nyumbang waktu bocah-bocah karang taruna muter narik iuran itu, ning ngerti-ngerti datang ke sini tadi malem. Ngasih amplopan buat sumbangan iuran rehab masjid. Lima ratus ribu sendiri lho…”
Pak Kaji : “*Subhanallah*… Baik sekali”
Pak Madi : “Ning,.. Sebentar Pak.. ini kok malah nggak beres kalo menurut saya.”
Pak Dukuh : “Nggak beres gimana dik?”
Pak Kaji : “Jangan *su’udzon* lho dik…”
Pak Madi : “Bukan *Su’udzon* pak, ini waspada namanya.
Marto itu, kita semua tahu, bekas Bandar togel, bekas wong mabukan. Pokoke wong sing raenak pangan itu to.”
Bu Dukuh : “itu rak mbiyen, jenenge wae bekas, nyatane mau nyumbang.”
Pak Madi : “Lho sebentar… memang sudah bekas, mantan. Ex. Tapi kan kita tilik dulu, dia berhenti mbandar, berhenti mabuk itu kenapa?”
Pak Kaji : “Lha kenapa coba?”
Pak Madi : “Lho! Jelas pak! Marto berhenti jadi Bandar karena polisi menindak tegas. Dia berhenti sebelum digrebek karena takut keciduk. Bukan niat yang tulus untuk tobat to?”
(*Kabeh mak cep. AMndheg gunem lan nunggu katrangan terusane*).
Pak Madi : “Njur, dia itu berhenti mabuk juga karena kahanan ekonominya morat-marit.”
Pask Dukuh : “Nek saya, itukan urusan pribadi dia. Yang jelas dia bersedia nyumbang rehab mesjid, duite nyoto, asli. Sudah.”
Pak Madi : “Asal-usul duit itu bisa jadi masalah. Lihat saja para koruptor. Semua yang menikmati kucuran duitnya yang hasil korupsi itu pasti ikut diciduk. Minimal diinterogasi. Interogasi itu repot lho pak. Apalagi itu berarti yang menikmati duit itu mesjid. Berarti Pak Kaji dan saya sebagai ketua takmir harus kena interogasi. Wah… ngisin-ngisini desa kita pak. Tenan ini.”
Pak Kaji : “Itu kan kalo duit itu benar-benar duit bermasalah, sapa tahu dia itu nabung.”
Bu Dukuh : “Iya.. sapa ngerti Dik Madi…”
Pak Madi : (*Saya adreng*) “Justru karena ada kata “siapa tahu” itu lho Pak, mbak yu. Oleh karena “siapa tahu” itu kita wajib waspada.”
(*Kabeh meneng padha mikir*)
Pak Madi : “Itu jelas nggak logis. Mereka itu ekonominya mosak-masik. Si Somat anake itu pengangur. Ngamen ya mung dinggo mendem duite. Kabarnya gelem nyopet segala je Somat itu. Lha kok sampe bisa ngasih 500 ewu ke masjid. Ra logis.. itu bener-bener nggak logis Pak.”
Pak Kaji : “Ya… Ya.. memang. Kekhawatiran Dik Madi ada benarnya juga. Tapi jangan lupa. Asas praduga tak bersalah… lebih baik kita cari tahu dulu. Apa kekhawatiran kita itu benar atau tidak.

BABAK 4

Prapatan nggone cah nom padha nongrong. Mas bambang, Kirno lan kanca-kanca liyane sih padha ndangdhutan. Lagune termiskin di DUnia. SOmat teka, katon lakune rada lemes lan aras-arasen.

Somad : (*Lungguh, njikuk rokok, nyumet njur mbuang bungkuse sing sisih separo ning tengahe kanca-kancane sing dho lungguh mubeng.*)

Kirno : (*Njikuk bungkus rokok, lan gage nlumut siji nalika ngerti yen sih ana isine)* "Wehh… Njanur gunung. Iki sugih apa semugih Mat. Weehh. Ayo cah… dha diudud bareng-bareng, rasah nganggo isin lho. Mangga-mangga...."

Bambang : "Nek arep ditakoke ki aja sugih po ra sugih. Halal, Pa haram. Duit panas pa adem Kir."

Somad : (*Dumadakan ngadeg mandeng Mas Bambang. Matane mblalak*)
"O… Ngono to Mas?! Dadi pikiranmu ki dha kaya ngono to karo aku."

Bambang : "Waduh… Guyon Mat, Guyon."

Somat : "Pancen Bapakku ki bekas bakul togel, Aku ki yo mung tukang ngamen. Ra isa sugih. Ra isa nduwe duwit."

Kirno : "Mad! Kowe ki ngapa ta? Ngono wae kok muntab. Nek pancen kowe tukang ngamen, kulina saba terminal, kudune rak kulina karo guyon sing rada kasar. Padahal iki mau ya sih lumrah. Ora kasar."

Bambang : "Nduwe masalah-ya nduwe masalah, kuwi wis umume wong urip Mat. Rasah sepaneng."
(*Somad lungguh maneh. Ngunjal ambegan jero. Katon yen atine sih rada ngganjel*).

Kirno : "Tur biasane kowe ki ra ngono kuwi je Mat. Ana apa to?"

Somat : "Apa nek wong elek ki sak lawase kudu elek? Sing reged kuwi ra kena kepengen resik?"

Bambang : "Kowe ki ngomong apa to Mad?"

Somat : (*Nunjuk ing kadohan* ) "Kae, takona wong kae" (*Somat Lunga. SAka arah liya Pak MAdi katon gleyah-gleyah nyerak)*

Bambang : "Wahh.. Pak Madi, keliatannya sibuk sanget ini. Dari mana saja Pak?"

Pak Madi : "Biasa dik, Dari ndalemnya Pak Kaji, terus ke masjid untuk koordinasi sama anak-anak Remaja Masjid, itu lho, koordinasi untuk persiapan rehab."

Kirno : "Wah. Pak Madi ki Paling mempeng nek soal ngurursi mesjid,"

Pak Madi ; "Hayo kudu Kir. Wong ndandani rumah tetangga saja semangat. Apalagi masjid, Rumah Allah Ya ta?"

Supri : "lha, napa enten honore napa Pak?"

Pak Madi : "Lhoo!, hayo jelas ana".

Supri : "Wah.. nek cetha ana honore aku ya gelem Kir."

Kirno : "Hayo kana lek ndaftar, mengko selak kebak."

Pak Madi : "Honore ki ana, tur gedhene aja takon. Gedhe banget.

Supri : "pinten Pak?"

Pak Madi : "Ora kena dietung."

Supri : "Waduh.. nek angkane ra jelas ngoten niku, aja-aja mung ngapusi…"

Pak Madi : "Piye to kowe ki? Yo ra mungkin ngapusi. Honore kuwi pancen ra kena dietung. Ra isa dirupiahke."

Kirno : "Kok ra kena dirupiahke, lha bentuke honor niku napa barang napa Pak?"

Pak Madi : "Honore ki dudu duit, dudu barang. Akherat. Sing mbayar gusti Allah."

*Kirno, Supri lan liya-liyane* : "Wuuaaaa… Mawut nek ngene iki."

Pak Madi : "Lho.. Rak tenan ta? Aku wis mbatin. Bocah-bocah kaya kowe-kowe kuwi mesthi ra gelem. Wong dha ra butuh akherat kok. Iya ta?"

Bambang : "Dereng titiwancine sadhar Pak."

Pak Madi : "Sadar kok ndadak nunggu titiwanci. Nek kesuwen selak diapeli Izro'il malah da saya mawut kowe."

*Kabeh ngguyu..*

Pak Madi : "Wis.. aku tak mulih dhisik, Dik Bambang, besok kalau sudah fix hari H kerja bakti masjid, Munyuk-munyuk ini diajak lho."

Pak Bambang : "beres Pak. Nanti saya yang njamin, mereka pasti ikut. Honore saya cepakaken pribadi mawon."

Pak Madi ; "Ya nanti gampanglah itu, sing jelas ada dana kalo Cuma buat kebul-kebulan."

Pemuda-pemuda : "Lhaaaa… Ngono kuwi, jenenge friend Pak Madi…"

*Pak Madi mesem njur mbablas neruske lakune.*

BABAK 5

Rumah Pak Marto.

Pak Marto lan Somat jagongan ing ruang tamu. Wong loro padha meneng. Sajake padha nguripi lelamunane dhewe-dhewe. Wong loro padha ngrokok. Sedhela-sedhela usreg mbenakke nggone lungguh. Bu Marto banjur mlebu nggawa ceret lan gelas, banjur lungguh ning kursi jejere pak Marto. Sawetara wong telu padha le meneng.

Bu Marto : "Mbok Ya uwis to Pak. Mung diunekke ngono wae ya aja mutung. Pokoke niate apik. Wong ngomong elek yo ben. Kuwi urusane Gusti."

Marto : "Ning ya lara tenan atiku Nah. Tak akoni, wingi-wingi aku ki nggone dosa. Mbareng saiki aku ngrumangsani wis wayahe sadhar, njajal ajar shalat ning mejid, kok malah dunekke ngregedi mejid."

Somat : "Jan-jane sapa to pak, sing ngomong ngono ki? dakpalane kene".

Bu Marto : "Bapakmu ki gek arep sadhar kok malah kowe arep main pala. Mbok ya wis. Idhep-idhep kuwi ki cobane wong arep tumindak apik. Aja kokregeti meneh."

Pak Marto : "Ngibadah kuwi sing nampa jane sapa ta? Gusti Allah, apa ketua Takmir? Apa Ustad? Apa Pak Kaji? Apa malah Pak Dukuh?"

(*ora ana sing njawab*)

Pak Marto : "Duit sing tak nggo nyumbang mejid kae ya ra ditampa karo Pak Madi. Di balekke. Alasane ya ra cetha. Apa dikira duit panas pa?"

Somat : "Nek sing kuwi malahane to pak. Kekna aku. Isa tak nggo uang muka kredit pit montor, njur aku isa ngojek. Leren le ngamen. Piye mbok?"

Pak Marto : "Jane ki ya nek ra ditampa ya rapapa. Ning mung karepku ki males budi. Mbiyen mbahmu seda kae, aku di sumbang duit mejid 400.000. Aku rumangsa nduwe utang. Lha saiki arep tak saur. Mumpung mejide gek butuh duit. Kok malah diarani ngregeti mejid nganggo duit panas."

Bu Marto : Aku jan sih kelingan banget Pak Madi rene mbalekke amplop 500.000 karo ngomong (*niroke pak Madi*) "Napa njenengan dereng nate miring ta yu, enten mejid ambruk merga le mbangun nganggo duit panas. Nek kedadean kados ngoten rak nggih eman-eman. Mejid gek entes diragadi malah ambruk. Luwih becik duite kurang 500.000, le mbangun ra sempurna ning ra ambruk."

Kok sajake ki le yakin nek duite Bapakmu ki duit togel."

Pak Marto : Mangka aku wis 5 sasi leren dodol togel. Mula awake dhewe dadi kere dadakan kaya ngene iki. Pit montormu kae tak dol merga aku eling tenan le tuku nganggo duit dodolan togel.

Somat : "Ah. Yo wis pak, jarke wae. Duite dicelengi, po nggo tuku wedhus, suk di kurbanke. Nek mung arep ngibadah ki jare akeh dalane."

(*Mas Bambang teka*)

Bambang : "Kulanuwun…. waduh.. gek ana rapat iki, nglumpuk."

Pak Marto : "Mboten kok Mas, mangga Mas. Mesthi kangen kopimu iki Nah, gawekna Nah."

Somat : "Aku sisan mbok, aja legi-legi."

Bu Marto : "Mbok kowe sing nggawe, wong tamune ki ya kancamu kok." (*sambi mlaku nyang pawon*)

Somat : "Nek Mas Bambang ki seneng kopi gaweanku ya mesthine aku tandang nggawe kopi, wong sing di senengi ki gaweanmu kok. Aku barang ki ya termasuk penggemar kopi gaweanmu je Mbok."

*Kabeh padah ngguyu…*

Bu Marto : "Wah , mau ki kahanane do prengat-prengut, saiki ana Mas Bambang kok dadi ceria to?"

Bambang : "Waa.. gesang namung sepindah Lek, ampun didamel susah.

*Ngguyu meneh…*

Pak Marto : "Niki wau saking pundi Mas Bambang?"

Bambang : "Saking nggriya pak, trus mampir sekretariat Remaja Masjid sekedhap."

Pak Marto : (*terdiam….*)

Somat : "Ning remaja Masjid ngapa Mas?"

Bambang : (*nyang Pak Marto*) "Kula sampun miring masalah sumbangan njenengan 500.000 niku Pak. Kula wau, nyobi tanglet kalian Pak Madi sebab musababe sumbangan rehab Masjid saking Pak Marto menika kok dipun tolak. Kala wau Pak Kaji nggih pas wonten mrika pak."

Pak Marto : (*terdiam beberapa saat, lalu bertanya*)

"Sanjange dospundi Mas?"

Bambang : (*agak kikuk*) "Nggih ngoten niku pak. Pak Madi ngendika menawi, Piyambakipun kuatir menawi artanipun Pak Marto sanes arto ingkang barokah."

(Pak *Marto meneng pisan meneh*)

*Bu Marto mlebu nggawa wedang. Melu jagonga tanpa komentar..*

Somat : "Nek Pak Kaji kae, piye to Mas? Apa ya melu-melu maido duite Bapak? Apa malah Pak Madi ki mung jurubicarane Pak Kaji?"
Bambang : "Nek kuwi aku ra ngerti Mat. Mung nek ndelok carane Pak Kaji ngomong, Pak Kaji kuwi ketoke ora pati kuatir bab duit panas pa adem kuwi, ning dheweke ya ngregani kekuatirane pak Madi, soale ya dhasar urusan duit mejid ki cen urusane Pak Madi. Tugase Pak Kaji mung ndongani."
*Marto mak gregah. Kaya-kaya sadhar dumadakan njur mesem digawe-gawe, sajak kepengen nglalekake perkarane..*
Marto ; "Wis..wis.. sampun Mas. Mboten usah ngurus barang-barang ra cetha. Malah marai lara ati. (*Marto ngrogoh sak*) .. Wah.. sih nde duit limangewu ki, Nah, tuku gorengan nggone Yu Suti Nah,.. Mumpung ana Mas Bambang, Pesta gorengan."
Bambang : "Nek niat ajeng Pesta nggih mboten cukup Pak. Tak tambahi." (*Mas Bambang nibakke duit sepuluhewu ning meja*)
*Kabeh ngguyu kaya ra duwe perkara wae…*

BABAK 6
Mejid jam 4, sedhela meneh subuh. Hawane adhem trecep, sepi, mung ana suara jangkrik karo sedhela-sedhela jago kluruk saka kadohan.
Saka sisih kiwa mejid, ana bleger manungsa kang nyerak mejid mlipir-mlipir kaya ora pengen dingerteni wong liya. Klambine sarwo ireng, raine ditutup kaya ninja. Alon-alon, sambi thingak-thinguk pawongan kuwi mlebu mejid. Banjur nyongkel lawang gudang alat mejid. Sak uwise kebuka, dheweke njikuk kothak amal, di gawa metu ning serambi, banjur gemboke dicongkel. Sakwise uthak-uthik kothak amal, kothake digembok meneh, ning nganggo gembok anyar sing sajake wis dicepakke ning sak kathok.
Nalika kuwi, saka njaban mejid ana nom-noman sing arep mlebu mejid, subuhan. Merga weruh ana ninja ngekep kothak amal, bocah kuwi mundur nglungani mejid. Let sedhela wis mbalik dibarengi wong akeh sing padha arep jamaah subuh. Nalika ninja ireng metu seka mejid, kepergok!!!
Orang-orang : "Malingg.. malingg.. malingg…."
*Tanpa aba, wong-wong mau ngepung ninja ireng, Bag bug bag bug ngajar ninja kuwi. Ana sing titis ana sing ora. Ana sing nendang, njupuk kayu, bata, watu, malah ana sing ngepruk nganggo gulungan karpet mejid..*
Orang 1 : "Pateni wae kang..."
Orang 2 : "Golek bensin, njikuk nggon Yu Suti.."
Orang 3 : "Wis rasah nunggu kesuwen.."
Orang 4 : "maling nin mejid, Ngluwihi bajingan Penjajahan!"
Orang 5 : "Wis.. dientekke wae"
*Las-lasan cacahe jemaah kuwi ora ana sing ketok manungsa. Kabeh murka kalap emosine dadi kaya bantheng ngamuk. Bejane ana MAs Bambang, pak Kaji lan pa Madi sing ngupaya nglerem emosine jemaah.*
Pak Kaji : "Wis.. wis.. wis… aja main hakim sendiri. Wis cukup. Iki mesthi wis klenger. Mesakke. Iki ki ya menungsa je."
Orang 4 : "Niku jenenge iblis pak. Maling ning mejid kuwi maling paling ra sopan."
Bambang : "Nggih!.. nggihh! mas.. ning mbotensah emosi berlebihan. Sakniki pun adil kok. Awake dhewe pun ngajar malinge. Malinge ya wis ra kuat tangi.. sak nikki wayahe lapor polisi. Kir.. Kana lapor polisi Kir.. nanggo montorku jikuken ning ngomah."
Kirno : "Ya Mas. Ayo Mat, Aku dikancani."
Pak Kaji : "Wis sakiki ditiliki sing ilang apa?"
Pak Dukuh : "Mbok coba dibuka raine.."
*Mas Bambang banjur mbuka tutp rai ninja kuwi. Alon-alon merga risi yen tangane gupak getih. .*
Semua : "Lho!.."
"Astaghfirullah.."
"MasyaAllah.."
"Wwehh!.."
"Kang MArto?"
Pak Madi : "Tenan to? Iki buktine nek ana sing ra percaya karo aku, Aku wis curiga, Marto ki urip dadi penjahat ya tetep penjahat saklawase. Wingi gayane nyumbang mejid limangatus ewu, ning ra tak tampa, wae sih tega maling ning mejid, coba nek duite tak tampa,. Saya akeh le maling…"
*Kabeh sih padha gumun. Ora ana sing nyaut ukarane pak madi.*
*Bocah-bocah sing ngecek barang-barang ning mejid banjur nyerak lapor ning pak MAdi lan pak Kaji...*
Remaja : "Pak, mboten wonten ingkang ical kok. Namung gembok lawang gudang jebol. Trus kothak amale niku gemboke dicongkel ning kok diganti gembok anyar."
Pak Madi : "Kuncine?"

Remaja : "Mboten onten."
Pak Kaji : "Njur sing ngganti gembok ki Marto iki po piye?"
Remaja : "kinten-kinten pak."
Pak Kadus : "Digeledah Mas Bambang…"
*Mas Bambang lan bocah-bocah nggledah sak klambi lan kathoke pak MArto. Nemu kunci gembok. Banjur tanpa kakean omong dicoba dinggo mbukak gembok*
Pak Kaji : "Mau sore ana duite pira?"
Remaja : "Kosong pak. Kothak niku duite pun kula lebetke bendahara wau dalu kok pak."
Pak Madi : "ning kok ndadak dicongkel gek ganti gembok barang?"
*Mas Bambang kasil mbuka gembok.*
Mas Bambang : "Onten amplope pak." (*ngulungke amplop saka njero kothak amal nyang pak Kaji) Pak Kaji mbuka amplop.*
Pak Kaji : "Lho.. duit limangatus ewu!"
Pak Madi : "Lho! iki amplope kang Marto sing arep nggo nyumbang rehab mejid, sing tak balekke kuwi. Nggih, pak Kaji. Persis, Kang marto niku le nyumbang nganggo amplop niki, kula apal…"
*Dumadakan kabeh wong padha meneng. Mung mripate padha lirik-lirikan. Swasana dadi aneh. Suara sepedha motor lan clorot lampune nyerak. Kirna lan Somat wis teka meneh. Somat medhun pit, nyerak rubung-rubung banjur...*
Somat : "Assuu ii... Ppaaakk……..!"
*Somat ambruk ngekep bapakne sing wis klenger kebak getih…*

*Lampu panggung surut alon-alon…*
*Sandiwara paripurna…*

Yogyakarta, 24 Maret 2006.
** M Ahmad Jalidu :*

**C. Metode Pembelajaran**

Tanya jawab; Inkuiri; Diskusi; Belajar dalam kelompok; dan Penugasan

**D. Skenario Pembelajaran**

| No | Kegiatan | Waktu |
|---|---|---|
| 1. | ***Kegiatan Awal***<br>Motivasi:<br>➢ Guru bertanya jawab dengan peserta didik tentang *sandiwara*<br>➢ Guru bertanya jawab dengan peserta didik tentang langkah-langkah diskusi<br>➢ Peserta didik Menentukan kelengkapan diskusi secara ***mandiri*** | 5 |
| 2. | ***Kegiatan Inti***<br>2.1 Eksplorasi<br>• Peserta didik dibagi dalam dua kelompok A dan B<br>• Peserta didik diminta membaca teks sandiwara dengan tema yang telah ditentukan tanpa diberi penjelasan terlebih dahulu sesuai kelompok.<br>• Peserta didik diberi kesempatan menanyakan kendala yang dihadapi dalam berdiskusi secara ***demokratis, terbuka***<br>• Peserta didik lain diperkenankan membantu menyelesaikan kendala tersebut.<br>2.1 Elaborasi<br>• Peserta didik menyimak sandiwara yang disajikan melalui rekaman<br>• Peserta didik melakukan diskusi, menerima pendapat secara ***terbuka***, ***demokratis*** dan ***toleransi*** dalam mengajukan pertanyaan sesuai pembicaraan dan unggah-ungguh basa jawa<br>• Siswa mencatat hal penting dari sandiwara<br>• Peserta didik menyampaikan jawaban atas pertanyaan dari teman lain secara ***demokratis dan terbuka***<br>• Peserta didik menyusun simpulan dari hasil diskusi secara ***kreatif*** | 75<br><br>10 |

| No | Kegiatan | Waktu |
|---|---|---|
| | • Salah satu kelompok menanggapi pendapat kelompok lain berkaitan dengan *sandiwara* yang dibahas oleh kelompok, dengan unggah-ungguh bahasa Jawa yang tepat secara **terbuka**<br>• Peserta didik secara ***mandiri*** melaporkan hasil diskusi dengan bahasa yang sesuai dengan unggah-ungguh basa Jawa<br>2.3 Konfirmasi<br>• Guru memberikan umpan balik positif atas proses diskusi dan tanggapan kelompok lain<br>• Guru melakukan pengamatan atas kinerja peserta didik<br>• Guru memberikan penghargaan kepada kelompok terbaik sebagai ***penghargaan*** terhadap siswa<br>• Guru memberi motivasi kepada peserta didik yang belum berpartisipasi ***aktif*** | |
| 3. | ***Penutup***<br>• Guru bersama dengan peserta didik mengadakan refleksi terhadap proses dan hasil pembelajaran.<br>• Peserta didik mencari naskah sandiwara dari majalah, internet dengan ***penuh tanggung jawab***sebagai tambahan/ pengayaan | |

**E. Media/ Sumber Pembelajaran**

- masjalidu.yahoo.com
- Buku ”Memetri Basa Jawa Kelas XII”
- Buku ”Kabeh Seneng Basa Jawa XII”
- Damar Kelas XII (MGMP BASA JAWA SMA DAN MA KOTA SEMARANG)
- Rekaman atau naskah *sandiwara*

**F. Penilaian**

- Butir Penilaian:
  Ndhapuka pepanthan/ kelompok, banjur rembugana/ dhiskusia ngrembug bab-bab ing ngisor iki!
  1. Miliha sandiwara kang arep korembug!
  2. Golekana temane sandiwara iku!
  3. Gawea analisis unsur-unsur intrinsik saka sandiwara ing dhuwuur!
  4. Gawea dudutan saka sandiwara iku!
  5. Wacanen asil garapan kanthi basa kang trep!
- Kunci jawaban
  1. Gawe kelompok, nemtokake bahan rembugan,bahan rembugan dirembug marang kelompok, asli rembugan diandharake kanthi lesan
  2. Bahan, moderator, notulis, sing ngandharake, sing takon
  3. Kawicaksanan dwija
  4. Dadi manungsa aja sulap marang bandha donya
  5. Asile diwacakake

- Pedoman Penyekoran:

| No | Uraian | Kriteria Ketepatan | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Benar | Setengah | Salah |
| 1 | Penentuan sandiwara | 10 | 5 | 0 |
| 2 | Penemuan tema cerita | 10 | 5 | 0 |
| 3 | Penemuan unsur-unsur intrinsik | 10 | 5 | 0 |
| 4 | Gawe dudutan | 10 | 5 | 0 |
| 5 | Penemuan alur cerita | 10 | 5 | 0 |
| 6 | *Unggah-ungguh* bertanya dalam diskusi | 25 | 12,5 | 0 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 7 | *Unggah-ungguh* menjawab pertanyaan dalam diskusi | 25 | 12,5 | 0 |
| | Total Nilai | 100 | 50 | |

Semarang, 3 Januari 2011

Mengetahui,
Kepala Sekolah

Guru Mata Pelajaran

**Drs. Waino S, S.Pd,M.Pd**
NIP 19550701 198703 1 003

## RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN 07

| | | |
|---|---|---|
| **Nama Sekolah** | : | SMA N 5 Semarang |
| **Mata Pelajaran** | : | Bahasa Jawa |
| **Kelas/Program/Semester** | : | XII IPA-IPS/ 2 |
| **Pertemuan ke-** | : | 07 |
| **Alokasi Waktu** | : | 2 X 45 menit |
| **Standar Kompetensi** | : | **Kemampuan Bersastra**<br>**Membaca**<br>7. Mampu membaca dan memahami bacaan sastra maupun nonsastra, berhuruf Latin maupun Jawa dengan berbagai keterampilan dan teknik membaca. |
| **Kompetensi Dasar** | : | 7.2 Membaca naskah drama/sandiwara sesuai karakter tokoh |
| **Indikator** | : | • Menentukan tema cerita<br>• Mengidentifikasi alur cerita<br>• Mengidentifikasi tokoh dan penokohan<br>• Menemukan isi pokok cerita<br>• Menentukan tema dan amanat cerita<br>• Membaca naskah sesuai dengan karakter tokoh |

**A. Tujuan Pembelajaran**

- Peserta didik dapat Menentukan tema cerita
- Peserta didik dapat Mengidentifikasi alur cerita
- Peserta didik dapat Mengidentifikasi tokoh dan penokohan
- Peserta didik dapat Menemukan isi pokok cerita
- Peserta didik dapat Menentukan tema dan amanat cerita
- Peserta didik dapat Membaca naskah sesuai dengan karakter tokoh

**B. Materi Ajar**

Sandiwara

Unsur intrinsik yaiku unsur ing sajroning crita antarane :

1. **Tema** : gagasaning ing sajroning crita
2. **Setting/Latar** : papan lan wektu prastawakanggo dumadine crita

a. Setting Tempat

b. Setting Waktu

c. Setting Suasana

3. **Tema** : gagasaning ing sajroning crita

4. **Setting/Latar** : papan lan wektu prastawakanggo dumadine crita

a. Setting Tempat

b. Setting Waktu

c. Setting Suasana

5. **Alur/Plot** : rerangkening prastawa saka wiwitan tekan pungkasan crita

a. Alur Maju/Lurus

b. Alur Mundur/Flashback

c. Alur Campuran

d. Alur Absurd

6. **Paraga/Penokohan** : wong-wong kang dadi tokoh ing crita

1. Tokoh Utama

    a. Protagonis ⇒ paraga inti minangka lakon idhaman

    b. Antagonis ⇒ paraga jahat, kang dadi saingane paraga protagonis

2. Tokoh Penengah/Tritagonis

3. Tokoh Pembantu/Figuran

7. **Perwatakan**

a. Secara langsung

b. Dialog antar tokoh

c. Pikiran tokoh

d. Lingkungan tokoh

e. Tanggapan tokoh lain

8. **Sudut Pandang/Pusat Pengisahan/Point Off View**

1. Orang Pertama

2. Orang Ketiga

9. **Gaya Bahasa**

10. **Amanat** : piwulang kang mapan ing sajrone crita

11. **Sinopsis** : ringkesane crita

**C. Metode Pembelajaran**

Tanya jawab; Inkuiri;dan Penugasan

## D. Kegiatan Pembelajaran

| No | Kegiatan | Waktu |
|---|---|---|
| 1. | ***Kegiatan Awal***<br>Motivasi:<br>• Guru bertanya jawab dengan peserta didik tentang sandiwara yang akan dibaca<br>• Guru bertanya jawab dengan peserta didik tentang manfaat membaca naskah drama | 5 |
| 2. | ***Kegiatan Inti***<br>2.1 Eksplorasi<br>• Peserta didik membaca *sandiwara*<br>• Guru membimbing peserta didik untuk mengidentifikasi *sandiwara* yang dibacanya<br><br>2.2 Elaborasi<br>• Peserta didik menentukan sandiwara yang dibacanya<br>• Peserta didik menemukan kata-kata sukar dalam *sandiwara*<br>• Peserta didik menemukan arti kata-kata sukar yang ditemukan dalam *sandiwara*<br>• Peserta didik mebaca *sandiwara* dengan lafal, intonasi, dan tempo yang sesuai<br>• Peserta didik menemukan tema, alur, setting, tokoh dan penokohan serta amanat dalam *sandiwara* yang dibaca<br>• Peserta didik menyebutkan isi sandiwara<br>• Peserta didik menjawab pertanyaan tentang sandiwara secara ***aktif***<br><br>2.3 Konfirmasi<br>• Guru memberikan umpan balik positif terhadap upaya siswa mengenal naskah sandiwara<br>• Guru melakukan pengamatan atas kinerja peserta didik<br>• Guru memberikan penghargaan kepada peserta didik yang mampu membacakan naskah sandiwara dengan intonasi yang benar secara ***mandiri***.<br>• Guru memberi motivasi kepada peserta didik yang belum berpartisipasi aktif | 75 |
| 3. | ***Penutup***<br>Guru meminta siswa untuk membacakan naskah sandiwara sesuai karakter tokoh secara ***mandiri***.<br>*3.1 Penugasan Terstruktur*<br>Guru memberikan pertanyaan-pertanyaan berkaiatan dengan naskah sandiwara<br>*3.2 Kegiatan Mandiri Tak Terstruktur*<br>• Guru memberi tugas tidak terstruktur sebagai pengayaan materi tentang membaca naskah sandiwara dengan mempelajari satu naskah kemudian hasilnya direkam secara berkelompok. | 10 |

## E. Penilaian Hasil Belajar

- Butir Penilaian:
  1. Apa undheran saka sandiwara ing dhuwur?
  2. Kagolong jinis apa alur ing sandiwara iku?
  3. Sapa wae paraga ing sandiwara mau?
  4. Kepriye watah paraga ing sandiwara/
  5. Apa isine saka sandiwara ing dhuwur?

6. Piwulang apa sing kaandhut ing sandiwara iku mau?

- Skor Penilaian:

| No | Uraian | Kriteria Ketepatan | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Benar | Setengah | Salah |
| 1 | Tema | 10 | 5 | 3 |
| | Mengidentifikasi alur | 10 | 10 | 3 |
| | Mengidentifikasi tokoh | 15 | 10 | 3 |
| | Menemukan isi pokok cerita | 10 | 5 | 5 |
| | Menentukan amanat | 15 | 10 | 4 |
| 2 | Membaca naskah sesuai dengan karakter tokoh | | | |
| | Intonasi | 10 | 5 | 3 |
| | Lafal | 10 | 5 | 3 |
| | Pandulu | 10 | 5 | 3 |
| | Swara | 10 | 5 | 3 |
| | *Total Nilai* | 100 | 60 | 30 |

**F. Media/ Sumber Pembelajaran**

- http://jv.wikipedia.org/wiki/Macapat
- www.kidemang.com
- Buku Memetri Basa Jawa Kelas XII
- Damar Kelas XII(MGMP BASA JAWA SMA DAN MA KOTA SEMARANG)

Semarang, 3 Januari 2011

Mengetahui,
Kepala Sekolah

Guru Mata Pelajaran

**Drs. Waino S, S.Pd,M.Pd**
NIP 19550701 198703 1 003